



PEMERINTAH KABUPATEN KULON PROGO
DINAS PENDIDIKAN PEMUDA DAN OLAHRAGA

PENILAIAN AKHIR SEMESTER GASAL SD/MI
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VI (Enam)
Hari, Tanggal : Selasa, 5 Desember 2023
Waktu : 09.30 - 11.00

Wacanen kanthi patitis!

Museum TNI Angkatan Udara "Dirgantara Mandala"

Museum Pusat TNI Angkatan Udara "Dirgantara Mandala" dumunung ing Kompleks Adi Sutjipto, Yogyakarta. Papan museum iki tilas pabrik gula ing Wonocatur Lanud Adi Sutjipto. Nalika penjajahan Jepang dienggo minangka logistik. Nalika tanggal 17 Desember 1982, Kepala Staf Angkatan Udara Marsekal TNI Ashadi Tjahjadi nandatangani prasasti adege museum. Banjur tanggal 29 Juli 1984 Kepala Staf Angkatan Udara Marsekal TNI Sukardi ngresmekake bangunan minangka gedhung Museum Pusat Angkatan Udara Indonesia "Dirgantara Mandala". Papan panggonan museum kurang luwih 4,2 hektar. Dene kang digunakake bangunan yaiku 8.765 m².

Koleksi museum cacahé ana sepuluh ewu awujud tiruane pesawat tempur, koleksi lambang TNI Angkatan Udara, photo, diorama, lukisan, lan perpustakaan. Koleksi kang dipamerake ing museum iki kaemot dadi pirang-pirang ruangan. Ruang utama ngemot koleksi lambang TNI Angkatan Udara, photo Kepala Staf Angkatan Udara (KASAU) wiwit taun 1946 nganti saiki, lan patung pahlawan nasional saka TNI Angkatan Udara. Ruang Kronologi nggambarake Sejarah perjuangan wiwit Proklamasi Kamardikan Indonesia. Ruang Pahlawan lan seragam TNI Angkatan Udara lan barang-barang koleksi kang tau dienggo pahlawan TNI Angkatan Udara wiwit taun 1946 nganti saiki. Ruang alutsista ngemot koleksi piranti sistem senjata udara kang wis digunakake Angkatan Udara wiwit taun 1945 nganti tahun 1980-an. Ruangan iki uga ana saperangan pesawat tempur lan tiruane saka Perang Dunia II.

Isih akeh koleksi kang ana museum iki. Ing kene pengunjung ora gampang bosen amarga akeh papan bisa kanggo photo bareng karo numpak pesawat lan koleksi liyane. Mula, nalika prei utawa akhir tahun piwulangan akeh sekolah kang nganakake studiwisata ing museum kene.

- I. A. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi patitis miturut isine wacan!
1. Ana ngendi dununge Museum TNI Angkatan Udara "Dirgantara Mandala"?
 2. Sapa kang ngresmekake bangunan minangka gedhung Museum Pusat Angkatan Udara Indonesia "Dirgantara Mandala"?
 3. Ana pira cacahé koleksi ing Museum TNI Angkatan Udara "Dirgantara Mandala"?

B. Gawea ukara pitakon kanggo wangsulan ing ngisor iki!

4. Nalika tanggal 17 Desember 1982
5. Amarga akeh papan bisa kanggo photo bareng karo numpak pesawat lan koleksi liyane

II. Wenehana tandha ping (x) aksara a, b, c utawa d ing sangarepe wangsulan kang bener!

6. Museum Pusat TNI Angkatan Udara "Dirgantara Mandala" dumunung ing Kompleks Adi Sutjipto, Yogyakarta.

Tembung **dumunung** tegese

- a. saka
- b. asale
- c. mapan
- d. menyang

7. Museum Pusat TNI Angkatan Udara "Dirgantara Mandala" madeg ana papan kang amba, kurang luwih 4,2 hektar.

Tembung **amba** kosok balene....

- | | |
|----------|-----------|
| a. cilik | c. punjul |
| b. ciyut | d. kurang |

8. Museum Pusat TNI Angkatan Udara "Dirgantara Mandala" dumunung ing Kompleks Adi Sutjipto, Yogyakarta. Papan museum iki tilas pabrik gula ing Wonocatur Lanud Adi Sutjipto. Nalika penjajahan Jepang dienggo minangka logistik. Nalika tanggal 17 Desember 1982, Kepala Staf Angkatan Udara Marsekal TNI Ashadi Tjahjadi nandatangani prasasti adege museum. Banjur tanggal 29 Juli 1984 Kepala Staf Angkatan Udara Marsekal TNI Sukardi ngresmekake bangunan minangka gedhung Museum Pusat Angkatan Udara Indonesia "Dirgantara Mandala".

Ukara baku (kalimat utama) ing paragraf kasebut yaiku....

- a. Banjur tanggal 29 Juli 1984 Kepala Staf Angkatan Udara Marsekal TNI Sukardi ngresmekake bangunan minangka gedhung Museum Pusat Angkatan Udara Indonesia "Dirgantara Mandala"
 - b. Nalika tanggal 17 Desember 1982, Kepala Staf Angkatan Udara Marsekal TNI Ashadi Tjahjadi nandatangani prasasti adege museum
 - c. Museum Pusat TNI Angkatan Udara "Dirgantara Mandala" dumunung ing Kompleks Adi Sutjipto, Yogyakarta
 - d. Papan museum iki tilas pabrik gula ing Wonocatur Lanud Adi Sutjipto.
9. Dadi bocah aja seneng adigang, adigung, adiguna mundak ora duwe kanca. Paribasan adigang, adigung, adiguna duweni teges
- a. ngendel-ngendelake kakuatane, kaluhurane, kapinterane
 - b. durung sembada nanging kepingin sing ora-ora
 - c. wong semugih nanging sejatine kekurangan
 - d. ngalembana nanging duwe niat ngasorake

10. Pak Tabah saiki wis ... jalaran putrane wes mentas kabeh.

Tembung entar kang mathuk kanggo ngganepi ukara kasebut yaiku

- | | |
|------------------|--------------------|
| a. akeh rejekine | c. jembar segarane |
| b. amba jangkahe | d. enteng sanggane |

Gatekna tembang ing ngisor iki!

Mijil

Siswa siswa datan kena lali
Ngudi ilmu yektos
Kagunan iku dianggo dhewe
Tindak-tanduk becik ngati-ati
Ngabekti ing Gusti
Ngabekti mring sepuh

11. Cacahe gatra tembang Mijil ing dhuwur ana
 - a. 3
 - b. 4
 - c. 6
 - d. 7
12. Guru wilangan tembang Mijil ing dhuwur yaiku
 - a. 10, 6, 10, 9, 6, 6
 - b. 10, 6, 10, 10, 6, 6
 - c. 10, 6, 10, 9, 10, 6
 - d. 10, 6, 10, 6, 10, 6
13. Gatra kapapat tembang Mijil kasebut guru wilangan lan guru lagune yaiku
 - a. 6u
 - b. 6a
 - c. 10e
 - d. 10i
14. Tembung ngudi ing tembang Mijil kasebut tegese
 - a. sinau
 - b. golek
 - c. pinter
 - d. sregep
15. Tembang Mijil kuwi surasane ngemu
 - a. pitutur
 - b. sesorah
 - c. panglipur
 - d. pasemon

III. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki nganggo tembung kang mathuki!

16. Gatekna gambar wayang ing ngisor iki!



Gambar wayang kasebut jenenge

17. Kuku Pancanaka iku senjatane....
18. Crita wayang kang nyeritakake perange kaluwarga Pandhawa lan Kurawa diarani

